

Pwogram Amnisti DEP &

**Pwogram Asistans Dlo pou
Fwaye ki gen Revni Fèb+**

Mas 2023





SAVE NOW ON YOUR WATER BILL, GET AMNESTY TODAY!


DEP IS OFFERING A **LIMITED ONE-TIME AMNESTY**

With up to 100% of interest forgiveness.

DON'T MISS YOUR CHANCE, THIS ONE-TIME AMNESTY ENDS SOON!



For fastest service to get more information, confirm your eligibility, or receive amnesty immediately go to nyc.gov/dep/amnesty or scan the code here.



144394

DEP te lanse yon pwogram Amnisti pou bòdwo dlo yon sèl fwa.

Se resèt ki kolekte nan bòdwo dlo yo ki finanse depans sistèm dlo a dirèkteman.

DEP ap fè fas ak yon **balans kont kliyan ki an reta (AR) k ap grandi** ki reprezante yon menas ki grav.


Prèske 1 kliyan sou 4 pou sèvis dlo nan NYC an reta nan peman bòdwo yo, sa ki reprezante yon total \$1.2 milya yo dwe DEP.

Anpil kliyan te pran reta nan peman bòdwo dlo yo pandan pandemi an.

**Trouble paying your
water bill?
We can help.**



DEP te konstate yon ogmantasyon enpòtan nan reta peman yo pandan pandemi an, sa ki te ogmante balans AR yo.



- Gen kèk kliyan ki pran reta pou yo peye ki merite asistans, men gen lòt ki chwazi pou yo pa peye.
- Nan ane ki sot pase a, plis pase 20,000 kliyan ki te deja gen reta nan peman yo te vin peye bòdwo yo.
- Sepandan, **balans AR la ap kontinye ogmante** akòz nouvo bòdwo dlo ki poko peye nan pi gwo pousantaj pandan FY23 ak enterè k ap ogmante sou balans ki poko peye yo.
- Prèske 85% nan AR yo soti nan pwopriete rezidansyèl yo.



Ogmante balans AR bay DEP gwo pwoblèm.



Dèt k ap ogmante ak dout pou moun ki nan difikilte toutbonvre.



Pa rekipere yon dèt ankouraje abi.

DEP ap ofri yon amnisti limite yon sèl fwa pou kliyan ki kalifye yo ak posibilite pou anile enterè yo ki ka rive jiska 100%!

- Pwogram sa a pral ede kliyan yo reprann yo toutpandan l ap ede vil la rekipere lajan yon fason pou kenbe tarif yo nan yon nivo ki ba epi kontinye envesti nan kapasite sistèm dlo a genyen pou l reziste.
- Pwogram sa a disponib pou tout kliyan ki gen reta nan peman yo*, li pèmèt yo anile enterè yo an echanj ak ranbousman kapital la.

Kont Kliyan	Ofri Amnisti Enterè
A. Gwo reta nan peman (>\$1,000 balans pou >1 ane)	<ul style="list-style-type: none">• <u>Opsyon 1</u>: Peye 100% kapital la, anile 100% enterè a• <u>Opsyon 2</u>: Peye 50% kapital la, anile 75% enterè a• <u>Opsyon 3</u>: Peye 25% kapital la, anile 50% enterè a
B. Tout lòt reta nan peman yo	<ul style="list-style-type: none">• Peye 100% kapital la, anile 100% enterè a

- Si gen yon rès balans anreta ki pi gran pase \$500, kliyan yo pral oblije antre nan yon nouvo akò peman ak DEP sou demann.
- Pwogram amnisti pou enterè a ap fini 30 Avril 2023.



**Apati 29 Janvyè 2023, yo te fikse balans peman an reta ki kalifye pou amnisti yo. Tout frè ki konpile apre dat sa a pa elijib pou Amnisti epi yo dwe peye tout nèt. Kredi yo pral aplike nan 5 jiska 10 jou apre yo fin resevwa peman an.*

Jwenn amnisti nan 4 etap fasil!

1. Ale nan nyc.gov/dep/amnesty epi sèvi ak zouti pou chèche kont nou an
2. Antre # kont ou
3. Tcheke kalifikasyon an epi egzamine opsyon ou yo
4. Peye montan kapital la jan sa endike nan opsyon ou prefere a

The screenshot shows the NYC Environmental Protection website page for the Amnesty Program. The URL is nyc.gov/site/dep/pay-my-bills/amnesty-program.page. The page features a navigation menu with options like 'Pay My Bills', 'About', 'Water', 'Environment', 'Recreation', and 'What's New'. A prominent banner reads 'Amnesty Program' and 'SAVE NOW ON YOUR WATER BILL, GET AMNISTY TODAY!'. Below the banner, it states 'DEP IS OFFERING A LIMITED ONE-TIME AMNISTY With up to 100% of interest forgiveness. DON'T MISS YOUR CHANCE, THIS ONE-TIME AMNISTY ENDS SOON!'. There is a 'PAST DUE' stamp on a water bill image. A section titled 'Guidelines and Frequently Asked Questions' is visible, along with an 'Amnesty Look Up Tool' that prompts users to enter their account number and click 'Search'. A 'Privacy - Terms' link is also present.

Epitou, DEP te lanse LIHWAP+ pou ede kliyan ki gen difikilte yo.

Pwogram Asistans Dlo pou Fwaye ki gen Revni ki Ba+ (LIHWAP+)

- Kliyan DEP yo ka benefisye yon èd finansye ki ka rive jiska \$5,000 sou bòdwo dlo yo nan kad Pwogram Asistans Dlo pou Fwaye ki gen Revni ki Ba nan Eta New York (Low Income Household Water Assistance Program, LIHWAP) se Biwo Asistans Tanporè ak Andikape k ap jere l.
- Si yon kliyan resevwa LIHWAP nan Eta New York, **DEP pral vèse jiska \$5,000 anplis nan kad LIHWAP+**, pou yon ekonomi total konbine ki ka rive jiska \$10,000, sou balans nenpòt bòdwo dlo ki gen reta nan peman.
- Pou konnen kritè sou revni yo, jwenn plis enfòmasyon epi fè yon demann dirèkteman nan Eta New York, vizite **<https://otda.ny.gov/programs/water-assistance/>**



Sansibilizasyon pou Amnisti ak LIHWAP+

- DEP te voye lèt ak imèl pèsonalize bay kliyan ki elijib pou amnisti ki gen gwo reta nan peman.
- DEP mete anons amnisti nan tout avi pou reta yo ak nan enfòmasyon ki nan bòdwo pou kliyan ki gen reta nan peman yo.
- DEP te rele epi voye lèt ak imèl pèsonalize bay kliyan ki ka elijib pou LIHWAP yo pou ankouraje yo aplike pou NYS LIHWAP.
- Dokiman pwomosyon yo afiche nan tout biwo konte yo.

NYC
Environmental
Protection

**SAVE NOW ON YOUR WATER BILL,
GET AMNESTY TODAY!**

DEP IS OFFERING A
LIMITED ONE-TIME AMNESTY
With up to 100% of interest forgiveness.
DON'T MISS YOUR CHANCE, THIS ONE-TIME AMNESTY ENDS SOON!

For fastest service to get more information, confirm your eligibility, or receive amnesty immediately go to nyc.gov/dep/amnesty or scan the code here.

PAST DUE

NYC
Environmental
Protection

144394

Kontakte DEP konsènan Amnisti

Sèvis ki pi rapid pou amnisti a disponib sou nyc.gov/dep/amnesty.

Sant apèl:

- **Orè:** Lendi jiska Vandredi, 8 a.m. rive 7 p.m., Samdi 9 a.m. rive 2 p.m.
- **Kontak:** Rele nan **718-595-7000** oswa voye yon imèl bay amnesty@dep.nyc.gov

Biwo Konte yo

- **Orè:** Lendi jiska Vandredi, 8 a.m. rive 7 p.m.
- **Kote:**
 - **Bronx:** 1932 Arthur Avenue, 6yèm etaj
 - **Brooklyn:** 250 Livingston Street, 8yèm etaj
 - **Manhattan:** 55 West 125th Street, 9yèm etaj
 - **Queens:** 96-05 Horace Harding Exp., 1^{ye} etaj
 - **Staten Island:** 60 Bay Street, 6yèm etaj



KESYON MOUN POZE SOUVAN

Kòman pou mwen peye?

Ou ka fè peman sou Entènèt, nan telefòn, nan kourye oswa an pèsòn. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade nan: [Kijan yo peye](#). Ou ka wè epi peye bòdwo ou sou Entènèt nan yon fason ki rapid epi ki fasil lè ou itilize Kont DEP mwen an. Pou enskri, vizite nyc.gov/dep epi klike sou bouton "Kont DEP Mwen an (My DEP Account)". Reprezantan sèvis kliyantèl nou yo ka ede ou ouvri yon kont dlo ak egou, chèche enfòmasyon sou kont ou, planifye enspeksyon sèvis, reparasyon, ak demann pèmi, epi ede ou konprann chwa peman ou genyen yo.

Èske mwen ka fè plizyè peman sou kont mwen an, oswa èske mwen dwe fè yon sèl peman?

Nou ankouraje kliyan yo peye yon sèl kou pou yo resevwa amnisti enterè a pi vit posib. Sepandan, ou ka fè plizyè peman sou kont ou, men amnisti enterè a kòmanse sèlman apre ou fin atenn nivo ranbousman kapital yo endike nan [Zouti Rechèch Amnisti a](#). Pou jwenn plis èd konsènan plizyè peman, tanpri rele nou nan (718) 595-7000.

Èske mwen ka resevwa Amnisti sou plis pase yon pwopriyete mwen posede?

Wi, ou ka resevwa amnisti pou nenpòt pwopriyete ou posede epi ki gen peman ki an reta. Yo dwe fè peman separe pou chak kont.



KESYON MOUN POZE SOUVAN

Kisa DEP rele "Amnisti"?

Amnisti vle di anile. Nan kontèks sa a, sa vle di anile enterè pasyèl oswa total pou kliyan ki kalifye yo.

Kisa Pwogram Amnisti a ye?

Pwogram Amnisti a fèt pou bay yon soulajman ki vrèman nesèsè ak tout kliyan ki gen reta nan peman yo ki gen difikilte pou peye bòdwo dlo ak dlo ize yo akòz pandemi an. Amnisti ki limite yon sèl fwa sa a kòmanse 30 Janvye 2023, epi l ap dire sèlman 90 jou jiska 30 Avril 2023, epi li pèmèt ou diminye oswa anile enterè konpile ou yo lè ou peye balans sou kapital ou a.

Kijan rezidan New York elijib yo ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa a?

Fason ki pi rapid pou rezidan New York yo jwenn posiblite amnisti yo se vizite nyc.gov/dep/amnesty.
nyc.gov/dep/amnesty.

Ou ka jwenn lòt enfòmasyon byen rapid lè ou rele nou nan orè travay pwolonje nou yo Lendi jiska Vandredi (8 a.m. rive 7 p.m.) ak Samdi (9 a.m. rive 2 p.m.) nan (718) 595-7000 oswa voye yon imel bannou nan amnesty@dep.nyc.gov.



KESYON MOUN POZE SOUVAN

Kòman mwen ka aplike pou Pwogram Amnisti a?

Pa gen okenn aplikasyon fòmèl ki nesesè pou aplike pou pwogram sa a. Annik itilize [Zouti Rechèch Amnisti](#) sou entènèt nou an pou konfime kalifikasyon ou nan, gade posiblite ou yo epi fè yon peman anvan dat pwogram nan ap fini an. Pandan ou la, antre nimewo kont ou nan zouti rechèch Amnisti a. Si ou elijib, peye montan kapital la jan sa endike nan posiblite ou prefere a. Y ap aplike yon kredi pou anile enterè yo sou kont ou nan 10 jou ouvrab. Tanpri sonje balans ou a ka pa desann a zewo si ou resevwa nouvo frè ak enterè.

Kisa montan prensipal la vle di?

Montan prensipal ou a se tout frè ki faktire depi okòmansman ou te dwe sou bòdwo dlo ak dlo ize ou yo epi li pa gen ladan okenn enterè.

Kisa kantite enterè vle di?

Enterè yo dwe pou frè ki anreta epi ki konpile chak mwa. Pousantaj enterè ki aplike a vizib sou bòdwo ou la.



KESYON MOUN POZE SOUVAN

Kilè mwen bezwen antre nan yon akò peman?

Toudabò, peye kapital la epi jwenn anilasyon enterè ou yo. Annapre, si balans ou genyen ki anreta a plis pase \$500 apre ou fin resevwa amnisti enterè a, ou ap oblije antre nan yon akò peman ak DEP, sou demann. Pou antre nan yon akò peman, rele nou nan orè travay pwolonje yo, Lendi jiska Vandredi (8 a.m. rive 7 p.m.) ak Samdi (9 a.m. rive 2 p.m.) nan (718) 595-7000 oswa imèl collectionsplus@dep.nyc.gov.

Kisa dat jele amnisti a ye?

Dat jele amnisti a se dat kote tout kritè kalifikasyon yo pral fèmen, san wete balans total peman anreta ou yo, balans sou kapital la, ak balans enterè yo. Nenpòt lòt enterè ki konpile apre dat sa a pa pral elijib pou amnisti. Dat jele a se 29 Janvye 2023.

Kilè pwogram nan ap fini?

30 Avril 2023. Sa a se dènye jou ou ka fè yon peman sou entènèt oswa an pèsòn.

